5.. Dobash, R. E., & Dobash, R. P. (1979). Violence Against Wives. Free Press.
6. Dragiewicz, M., Burgess, J., Matamoros-Fernández, A., Salter, M., Suzor, N. P., Woodlock, D., & Harris, B. (2018). Technology facilitated coercive control: domestic violence and the competing roles of digital media platforms. *Feminist Media Studies*, *18*(4), 609-625
7. Dutton, D. G. (2006). Rethinking Domestic Violence. UBC Press.
8. Elias, N. (2000). The Civilizing Process. Blackwell Publishers.
9.. Felitti, V. J., et al. (1998). Relationship of Childhood Abuse and Household Dysfunction to Many Leading Causes of Death in Adults. The Adverse Childhood Experiences (ACE) American Journal of Preventive Medicine, 14(4), 245-258.
10. Gelles, R. J. (1997). Intimate Violence in Families. SAGE Publications.
11. Goode, W. J. (1971). Force and Violence in the Family. Journal of Marriage and Family, 33(4), 624-636.
12. Haj-Yahia, M. M. (2002). Beliefs About Wife Beating Among Arab Men from Israel. Journal of Interpersonal Violence, 17(7), 193-206.
13. Johnson, M. P. (2008). A Typology of Domestic Violence: Intimate Terrorism, Violent Resistance, and Situational Couple Violence. Northeastern University Press.
14. L. Kevin Hamberger 1996 Cognitive behavioral treatment of men who batter their partners, Cognitive and Behavioral Practice, Volume 4, Issue 1, p.147-169
15. Lenore E.A. Walker (1979) "The battered woman syndrome" Third edition. Springer publishing company. New York. 91-97p
16. Resick, P. A., et al. (2017). Cognitive Processing Therapy for PTSD. Guilford Press.
17. Teicher, M. H., & Samson, J. A. (2016). Annual Research Review: Enduring Neurobiological Effects of Childhood Abuse and Neglect. Journal of Child Psychology and Psychiatry, 57(3), 241-266.
18. World Health Organization. (2013). Global and Regional Estimates of Violence Against Women. WHO Press.
19. World Health Organization. (2021). Violence Against Women Prevalence Estimates. WHO Press.

# KEŃESBAY KARIMOVTÍŃ ZARDUSHT ROMANINDA PSIXOLOGIYALIQ WAQIT HÁM ONÍŃ BILDRILIW USÍLLARÍ (PROSPEKCIYA, RETROSPEKCIYA)

*Sagidullaeva Jamila Nurıllaevna*
*Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası docenti*
*Baxieva Xandarixa Zulxandiyarovna*
*Qaraqalpaq ádebiyatı qánegeligi 1-kurs magistrantı*

**Annotaciya.** Bul maqalamda ádebiyatta "xronotop" túsinigi yad xronotopı, K.Karimovtıń "Zardusht" romanında retrospektiv syujet, "yad" xronotopınıń qollanılıw ózgesheligi.
**Gilt sózler:** Xronotop, eske túsiriw xronotopı (retrospekciya).

Keyingi waqıtta dúnya ádebiyatı ilimi sonıń menen birgelikte qaraqalpaq ádebiyatında da birqansha ózgerisler júz bermekte.

Qaraqalpaq ádebiyatına kórkem shıǵarmalardaǵı waqıt hám keńislik yaǵnıy xronotop teoriyası búgingi kúndegi jańa izertlew baǵdarlarınıń biri esaplanadı.

Belgili orıs ádebiyatshısı M. Baxıtin roman janri rawajlanıwı ushın túrli analizler ótkergen , hám ádebiyatqa xronotp túsinigin alıp kiredi. Xronotop túsinigine tómendegishe tariyp beredi: "

Ádebiyatda kórkem qabıllanǵan waqıt hám mákannıń óz ara birligin xronotop, deymiz" - dep anıqlama bergen.[1;235]

Avtordıń pikirinshe waqıt hám keńisliktıń arasındaǵı ózara baylanıs bar bolıp ol ádebiyatta xronotop dep ataladı. Hár qanday hádiyse kórkem waqıt hám keńislikte júz beredi.[2;234]

Epikalıq shıǵarmalarda kórkem waqıt hám kórkem keńislik ádebiyattıń basqa túrlerine qaraǵanda jazıwshınıń kórkem pikirlewine qarap keńiyip baradı. Epikalıq xronotop kóp qatlamlılıǵı menen parıqlanadı.Iri kólemli epikalıq shıǵarmalarda jazıwshınıń kórkem koncepciyasın júzege shıǵarıw kóp funkciyalı roman xronotopın talap etedi.[3;147]

Maqalada izertlew obekti etip alǵan jazıwshı Keńesbay Karimovtıń “Zardusht” romanında da birqansha xronotoplar dizbegi bar bolip olar roman waqıyalarınıń bir pútinligi táminliydi.

Romanda hár bir syujet óz jónelisi boyınsha háreketlenedi. Avtor xronotoptı ańlatıwda (retrospekciya-lat ótmishke qaytıw ótken waqıyalardı eslew), (prospeksiya- lat keleshekke baǵdarlanǵan) usıllarınan paydalanadı.

Eslew xronotopı – qaharmalar basınan ótkergen onıń ótmishte júz bergen waqıyalardıń qıyalda qayta sáwlelendiriw jaǵdayı bolıp obraz psixologiyasındaǵı ózgeris quwanıshlı yáki qayǵılı waqıtlarda insan óz ótmishin eske aladı. [4;127]

B.Toraeva “ruwiyattaǵı ózgeris” degende quwanıw yamasa qapa bolıw sıyaqlı ruwxıy ózgerisler nátiyjesinde qaharman óz ótmishin eslew dep atadı.

K Karimovtıń “Zardusht” romanında da qaharmanlar ruwxıy tolǵanısları nátiyjesinde ótmishinde júz bergen waqıyalardı esleydi.

Romanda waqıt xronotopın úlken úsh dáwirde kórsek boladı yaǵnıy ótmish (payǵambar Zardusht átrapındaǵı waqıyalar), búgúngi kún (Xuvarno pansionatındaǵı Yakubbay, Gúlnihalǵa baylanıslı waqıyalar) hám keleshek (amerikalıq Jonniń qıyalındaǵı zardushtiylik dini hám óz ómirine baylanıslı pikirler) parallel beriledi.[5;147]

Romanda syujettiń rawajlanıwı arqalı kórkem waqıt dinamik súwretlenedi.

Zardushtiń (Magupta) balalıq dáwirinen baslap, oniń ılahıy wazıypanı isley baslaǵan dáwirgeshe bolǵan ómiri oqıwshıǵa izbe – izlikte beriledi. Soniń menen birgelikte syujette retrospektiv (latinsha ótmishke mirajat, ótken waqıyaladi eslew) hám rawiyatlar arqalı waqıttıń túrli tárepleri ashıp beriledi

Roman qaharmanı Xuvarno ponsionatınıń iyesi Yakubbaydıń balalıq hám jaslıq dáwirlerin yaǵnıy ata– anasınan erte jetim qalıwı hám Tursın isimli hayal onıń qız Zulayha menen basınan ótkergen jaǵımlı hám jaǵimsiz waqıyalar waqıt xronotopınıń retrospektiv usılı arqalı ashıp beriledi.

Pansiyonat iyesiniń atı Yakubbay bolıp, ol kólge jaqın jerdegi awıllardıń biri - tóbeleri topan ılay menen sıbalǵan, kórimsiz hám páskeltek, ilaydan soǵılǵan on bes úylerden ibarat Shımqorǵan awılında ele keńesler eldi biylep turǵan paytlarda tuwılǵan, balalıǵı menen jaslıǵı sol zamanlarda ótken edi.Ótmishti eslegende kewline ǵulǵula salıp, jigerlendirip jiberetuǵın bazda abaysız ashshı burısh tislep alǵanday kózlerine eriksiz jas keltiretuǵın, ókinish penen bas shayqap, judırıǵı túyiletuǵın máwritlerde bar.[6;30]

K.Karimovtıń Zardusht romanında hár bir waqıt qatlamı óz syujet jónelisin payda etedi. Romandaǵı Amerikelı Jonnıń balalıq dáwirindegi muzika ásbabı (biolenchen) hám Ketiy menen baylanıslı eske túsiriwlerin tómendegi mısallardan kóriwmizge boladı.

Kishi avtobus orınan qozǵaldı. Endi Jonnıń uyqısı kelmedi. “Edvard penen Ketiy meniń kútilmegen saparım haqqında házir ne oylamaqta eken ?” , Sońınan narazı bir oy kelip, ornalastı.

“ Dos penen súyiklim bar ma edi, ózi”?

Djonnıń kóz aldında ózi jasaytuǵın shawqımlı sháhár,onıń kewil ashar orınları menen sawda oraylarınıń qızıl – jasıl shıraqları kelgendiy boldı... Usı paytqa deyin bálki eslewdi qálemese de ómirinde bolıp ótken waqıyalar tarnawı ashılǵan arna suwı kibi sanasına bastırıp kirmekte edi.[7;10]

Bunda eske túsiriw waqıyaları Shawdirbay Seytovtıń “Shırashılar” romanında da ushrasadı. Roman bas qaramanı Esjan ǵarri óziniń jetpis úsh jıllıq ómirin bir aqsham ishinde eske túsiredi. Xronotoptıń bul eslew usılı arqalı Esjan ǵarrınıń basına ótkergen qıyınshılıqları quwanıshlı qayǵılı

kúnleri bayan etiledi.Bunda romanda waqıttıń shegarasınıń buzıladı qaharman ushın ótmish hám házirgi waqıt bir-birine aralasıp ketedi. Ol ótmishte bolıp ótken waqıyalardı házirgi waqıttaday sezinedi, bul da waqıttıń sızıqlı koncepciyasın buzadı. Roman qaharmanı Esjan ǵarrı birese ótmish waqıyaların házirgi kún menen baylanıstırıp jiberedi. Eske túsiriwler qaharmanǵa óziniń kimligin túsiniwge járdem beredi. Ótmishti analiz qılıw arqalı ol óziniń házirgi waqıttaǵı ornın hám maqsetin anıqlawǵa háreket etedi.Bul roman "Ómirdiń bir aqshamı" dep te ataladı.

Keńesbay Karimov'tıń "Zardusht" romanındaǵı prospekciyalıq xronotop haqqında aytıp ótetuǵın bolsaq, prospekciyalıq xronotop - bul shıǵarmada keleshekke qaraǵan kóz-qaras, waqıt hám keńisliktiń bolajaq rawajlanıwın súwretlew usılı. "Zardusht" romanında Keńesbay Karimov bul usıldı qollanıp, tariyxıy shaxs Zardushttiń ómirbayanın hám onıń diniy táliymatınıń keleshektegi tásirin kórsetedi. Avtor waqıt hám keńislikti bir-birine baylanıstırıp, ótken menen keleshekti tutastırıwǵa háreket etedi. Mısalı romandaǵı Zardusht dáwirindegi adamlardıń jawızlıq, miyrimsizlik, qıyanet sıyaqlı global máselelerdi búgingi kúnde de dawam etip atırǵanlıǵın waqıt hám keńislik arqalı ashıp beredi. Romanda prospekciyalıq xronotop arqalı Zardusht dáwirinen házirgi kúnge shekemgi rawajlanıw jolı súwretlenedi. Shıǵarmada keleshek haqqındaǵı boljawlar, Zardusht táliymatınıń tásiri hám onıń adamzat mádeniyatına qosqan úlesi kórsetiledi. Prospekciyalıq xronotop usılı arqalı avtor oqıwshını tariyxıy waqıyalardan keleshekke alıp barıp, olardıń áhmiyetin túsindiriwge umtıladı. Bul usıl romanǵa filosofiyalıq tereńlik berip, oqıwshını oylandıradı hám tariyxtıń házirgi kún menen baylanısın kórsetedi.

Juwmaqlap aytqan Zardusht romanında yaq xronptopı shıǵarma qaharmalarınıń ishki psixologiyalıq kewil keshirmelerin ashıp beriwde ayrńqsha xızmet atqaradı.Romandaǵı Amerikalı Jonnıń óz elin taslap Orta Aziya aymaǵına keliwdegi maqseti yad xronotopı arqalı biliwge boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Бахтин М.М. Формы времени и хронотопа в романе. Вопросы литературы и эстетиви. Исследова равных лет. Москва, «Художественная литература», 1975.
2. Бахтин М. Вопросы литературы и эстетики М.; Художественная литература, 1975. - С. 234-235
3. J.Sagidullaeva. G Zinatdinova . Lirik va epik xronotopnıng óziga xos xusuxıyatları.//Tafakkur ziyosı.2021.- №4.-B.147
4.Tórayeva B. Xronotop poetikasining o'ziga xos xususiyatlari // FarDU. ILMIY XABARLAR. 2022.-№3.-B. 127-133
5. J.Sagidullaeva. G Zinatdinova . Lirik va epik xronotopnıng óziga xos xusuxıyatları.//Tafakkur ziyosı.2021.- №4.-B.147
6. Каримов К. Зардушт. Накик, «Балим», 2018.В.-30
7. Каримов К. Зардушт. Накик, «Балим», 2018.В.-10.